



SUMATIF AKHIR TAHUN (SAT) KELAS 9

SMP KATOLIK "ST. YUSTINUS DE YACOBIS"

TAHUN AJARAN 2023 – 2024



NAMA	
No	
Kelas	

Petunjuk Pengerjaan :

1. Isikan nama, kelas, dan nomor Anda di tempat yang telah disediakan pada dashboar soal!
2. Kerjakan soal PG *online* melalui android atau laptop yang tersambung dengan jaringan internet!
4. Periksalah kembali dan pastikan seluruh pertanyaan terjawab sebelum dikirimkan!
5. Kirimkan jawaban Anda maksimal 5 (lima) menit sebelum waktu mengerjakan selesai!

Wacanen kang premati pethikan teks drama ing ngisor iki.

Tansah Eling Pesen Ibu

Ing pawon ibu lagi awet masak kanggo sarapan kulawargane. Esuk kuwi panjenengane masak sop jamur lan ayam goreng kanggo sarapan. Direwangi anak wedoke, Dewi, Ibu banjur nyepakake sarapan ing mejane.

Ibu : "Jupuken ayam gorenge, Ndhuk! Selehen ing meja makan kene!"

Dewi : "Inggih, Bu."

Ibu : "Pak, Le, Ayo, sarapan dhisik. Wis mateng iki masakane ."

Ora let suwe, Bapak lan Dewa banjur lungguh ing kursi meja makan.

Bapak : "Wah Mantul tenan iki sarapane, Bu!"

Dewa : "Saking gardanipun mawon sampu ketingal eca menawi masakanipun ibu punika." (Tangane Dewa arep njupuk ayam goreng ing piring)

Ibu : "Mengko dhisik!" (Ibu namplek tangane Dewa sing arep njupuk ayam goreng)

Dewa : "Ihah kening punapa ta, Bu?"

Ibu : "Awakmu mau bar nyemir sepatu during wijik tangan ta? Ayo kana wijik tangan , dhisik nganggo sabun! Sing resikan ta, Le!Yen awakmu resikan mengko bisa lara, Lho!"

Dewa : "Inggih, Bu. Ngapunten kesupen kula." (Dewa banjur wijik tangan nganggo

sabun ing wastafel mburine meja makan)

Dewi : “Leres punapa ingkang dipunaturaken Ibu, Mas! Ing wayah COVID-19 kados mekaten, kita kedah tansah njagi karesikan supados kenging Corona.”

Bapak : “Uga sing paling wigati yaiku tansah eling pesen Ibu nalika metu seko ngomah, amarga virus COVID-19 iki gampang banget nular! Apa wae pesen panjenengan, Bu?”

Ibu : “Pesen Ibu, sepisan sregep wijik nganggo sabun, kapindho aja lali nggawe masker nalika metu saka ngomah, lan katelu njaga jarak ing panggonan sing rame wong.”

Dewa lan dewi : “Siyap, Bu!”

Bapak, Ibu, Dewa, Lan Dewi banjur sarapan bebarengan, Sawise rampung sarapan , kabeh padha sibuk karo penggaweyane dhewe-dhewe, Bapak lan Dewa budhal nyambut gawe, Ibu blanja menyang pasar, lan Dewi sekolah kanthi cara *daring* saka ngomah.

I. Pilihlah jawaban yang benar dengan cara memilih huruf A, B, C, atau D

1. Ing ngisor iki sing dudu kalebu paraga sajrone teks drama ing dhuwur, yaiku....
 - a. Bapak
 - b. Ibu
 - c. Dewa lan Dewi
 - d. Dewa lan Desi
2. Cita drama ing dhuwur nggunakake alur....
 - a. Maju
 - b. Mundhur
 - c. Campuran
 - d. *Flashback*
3. Setting wayah lan panggonan cita drama ing dhuwur, yaiku....
 - a. Esuk, ing ruwang tamu
 - b. Esuk, ing ruwang dhahar
 - c. Siyang, ing ruwang tamu
 - d. Siyang, ing ruwang dhahar
4. Sing dielengake Ibu amarga dhurung wijik tangan nalika arep mangan, yaiku....
 - a. Bapak
 - b. Dewi
 - c. Dewa
 - d. Desi
5. Pesen moral saka cita drama ing dhuwur, yaiku....
 - a. Tansah akeh mangan supaya sehat
 - b. Tansah manut marang pitutur wong tuwa
 - c. Tansah eling pesen ibu nalika wayah pandhemi
 - d. Tansah njagi karesikan ing babagan apa wae nalika wayah.
6. Pawongan kang tugase mimpin lan ngatur lumakune drama diarani....
 - a. Actor

- b. Figuran
 - c. Protagonist
 - d. Sutradhara
7. Urutane prastawa ing crita drama wiwit saka prolog, klimaks, nganti tumekane pungkasan crita diarani....
- a. Amanat
 - b. Epilog
 - c. Alur
 - d. Tema
8. Pesen sing diucapake ing penutupe crita drama diarani.....
- a. Prolog
 - b. Epilog
 - c. Dhialog
 - d. Monolog

Gatekna pethilan cerita drama ing ngisor iki!

Sawise pamitan lan ngucapake salam marang ibune, Ria terus budhal sekolah. Kanca-kancane wis padha ngenteni ing ngarepan, ana Fenti, Tari, lan Sinta. Bocah papat padha budhal sekolah mlaku bebarengan. Ora adoh saka papan kono, bocah-bocah weruh wong tuwa lanang sing lagi ngorak-ngarik tong sampah.

9. Latar jroning pethilan cerita ing nduwur yaiku ing....
- a. Panggonan sampah
 - b. omahe Ria
 - c. embong
 - d. taman
10. Ing ngisor iki kang kebleu drama modern, kajaba....
- a. Andhe-Andhe Lumut
 - b. Preman Pensiun
 - c. Tukang Ojek Pengkolan
 - d. Tukang Bubur Naik Haji
11. Pethikan teks drama ing dhuwur yen katitik saka struktur teks kalebu peranganane....
- a. Eksposisi
 - b. Klimaks
 - c. Komplikasi
 - d. Ending

Gatekna pethilan cerita drama ing ngisor iki!

Rudi turu ing amben, nglindur njerit-njerit njaluk tulung ibune. ibune kang lagi saka pawon, kanthi gupuh cepet-cepet nggugah Rudi.

Ibu : Le... tangi le! (karo ngoyak-ngoyak rudi)

Rudi : Ibu... (njerit, kanthi ngos-ngosan) kula ajeng dibakar tiyang buk.

Ibu : Dibakar apa ta le? wong awit mau awakmu turu wae ngono lho.

12. saka pacelathon kasebut, settinge ana ing...

- a. omah
- b. warung
- c. rumah makan
- d. meja makan

13. Kang nglantarake crita, njlentrehne kanthi ringkes gegambaran isine crita. adate ana ngarep/pambuka,diarani

- a. Epilog
- b. Monolog
- c. Dhialog
- d. Prolog

14. 1. Sumber ceritane bebas

2. Ceritane bisa dipukake saka buku-buku babad, roman, dongeng, cerita rakyat

3. Bisa nyeritakake cerita penguripan jaman saiki

Ukara-ukara ing nduwur kuwi keledu ciri-cirine....

- a. Drama tradisional
- b. Drama modern
- c. Pidhato
- d. Drama cerkak

Wacanen pethikan pacelathon iki!

Rini : Bu, punapa enjing punika ibu tindak dhateng peken/pasar?

Ibu : Ya, mesthine ta, Rin. Janganan sing ana kulkas ya wis entek. Bik Sumi sing gawene ngiderke blanjane, dinane iki wis pamit yen ora dodol.

Rini : Nuwun sewu nggih, kula nyuwun ditumbasaken bubur campur, nggih.

Ibu : Iya, mengko daktukokake.

15. Latar wektu saka pethikan pacelathon kasebut yaiku ...

- a. Ing pasar
- b. Bakul blanja
- c. Nalika sarapan
- d. Wayah esuk

16. peraga kang dadi lakon drama sing nduweni watak elek diarani....

- a. antagonis
- b. tritagonist
- c. protagonist
- d. tengah-tengah

Wacanen kanthi premati teks drama ing ngisor iki!

Arep Lunga

Narti :“Ibu punapa siyos tindak sapunika?” (*karo nyedhaki ibune sing lagi setrika*).

Ibu :“Ya, durung ta, Nar, iki isih ngenteni Bapakmu.”

Narti :“Bapak kala wau tindak pundi ta, Bu, ngantos yah manten kok dereng rawuh?” (*mlaku wira-wiri sajak kuwatir*)

Ibu :“Ngendikane mau neng daleme Pak RT, nanging kok ya suwe men!” (*melu-melu ngadheg, sajak melu kuwatir*) Ora suwe, keprungu swara motor mandheg.

Bapak :“Assalamu’alaikum, walah-walah wis padha ganti klambi ta iki!” (*mlaku karo nyopot helm tumuju ibu lan Narti*).

anang :“Ya Allah, Bapak, dirasani ibu karo mbak Narti kok ya mara kondur!” (*melu-melu marani ibu*).

Bapak :“Iya sepurane, iki mau ndadak ngrembug rapat RT kanggo sesuk barang, mulane dadi suwe! Lho ... Narti kok durung salin klambi?” (*karo nyekel pundhak anak wadone*).

Narti :“Kula kesah mangke mawon, niki taksih ngrantos Mas Narno!”

Bapak :“Dadi Masmu sida bali mulih ta saiki!”

Narti :“Inggih, kala wau sampun wangsul, nanging taksih ngeteraken layang titipan dhateng tiyang sepuhe rencangipun.”

Bapak :“Sik dakpanasane sedhela mobile, mengko ibu lan Nanang ndang nyusul.” (*ninggalake ruwang setrikan tumuju garasi*).

Nanang :“Iya-iya, wis ayo, Bu, gek ndang nututi Bapak. Mas Narno karo Mbak Narti ditinggal wae, ben numpak bis!” (*ninggalake ibu lan Narti tumuju garasi nututi bapake*).

17. Irah- irahan naskah drama kasebut yaiku

- a. Budhal Lunga
- b. Arep Lunga
- c. Rapat RT
- d. Narti lan Ibu

18. Watake paraga Ibu, yaiku

- a. gampang nesu
- b. ora ngurus
- c. seneng geger/rame
- d. sabar lan wicaksana

19. Watake paraga Bapak, yaiku pawongan sing

- a. tanggung jawab
- b. brangasan
- c. lenjani janji
- d. kesed

20. Manut teks drama kasebut, amanat kang bisa dijupuk yaiku patrape anak marang wong tuwa kudu

- a. ngerti marang kahanane wong tuwa
- b. ora ngurus karo kahanane wong tuwa

- c. maidoni marang klerune wong tuwa
- d. wegah nakoni wong tuwa kang sakepenake

Pacaturan iki ganepana!

Dini :Bu, Ibu. Siyos ... dhateng peken?
 Ibu :Iya, sida, Din. Kowe apa ... melu?
 Dini :Inggih, Bu. Menawi pareng, kula badhe ndherek.

21. Tembung-tembung kang trep kanggo ngganepi pacaturan ing ndhuwur yaiku....
- a. kesah, badhe
 - b. tindak, arep
 - c. kesah, arep
 - d. tindak, badhe

Simbah :Ton, kepriye anggonmu sinau nulis aksara Jawa?
 Toni :Sae mbah, Bu Murti ... biji ingkang sae, 80.
 Simbah :Sukur yen ngono. Simbah melu seneng.
 Tono :Inggih, Mbah, matur nuwun.

22. Wangsulane sing trep kanggo ngganepi pacaturan kasebut yaiku
- a. maringi
 - b. nyaosi
 - c. nyukani
 - d. menehi

Gatekna pethikan pacaturan iki!

Ratna : Rin, kowe wis nggarap tugas Basa Jawa?

Rini :

23. Wangsulane Rini sing bener yaiku
- a. Durung Rat, bukuku taksih digawa Deni.
 - b. Durung Rat, bukuku isih digawa Deni.
 - c. Dereng Rat, bukuku taksih digawa Deni.
 - d. Durung Rat, buku kula isih digawa Deni.

Gatekna pethikan pacaturan iki!

Doni :

Mas Galih : Roti iku mau digawa Reni.

24. Pitakonane Doni sing bener yaiku
- a. Mas, sampeyan ngerti roti ing meja?
 - b. Mas, panjenengan pirsani roti ing meja?
 - c. Mas, sampeyan ngertos roti ing meja?
 - d. Mas, panjenengan ngerti roti ing meja?

25. Mbak Narti ora bisa numpak sepedhah motor.

Ukara kasebut yen diowahi ing basa ngoko alus dadi

- a. Mbak Narti mboten saged nitih sepedhah motor.
- b. Mbak Narti ora saged numpak sepedhah motor.

- c. Mbak Narti mboten saged numpak sepedhah motor.
- d. Mbak Narti ora bisa nitih sepedhah motor.

LAIRE KURAWA

Bebarengan karo laire Pandhawa, Dewi Gendhari garwane Sang Destarasta uga nglairake putra sing cacahé 100. Mangkene iki riwayate.

Sawise Dewi Gendhari mbobot sing suwene 2 tahun, dheweke banjur ngetokake getih kenthel. Miturut dhawuhe Begawan Wyasa getih iku mau kudu disimpen ing sajeroné buyung. Sabanjure Begawan Wyasa uga didhawuhake, getih iku mbesuke bakal dadi bayi sing cacahé 100.

Pranyata apa sing didhawuhake dening Begawan Wyasa dadi kanyatan. Ing wektu 10 dina sawise getih mau disimpen, saka ing njero buyung metu bayi cacahé 100. Sing metu dhisik bebarengan karo laire Bima di jenengake Duryudana.

Sumber M Sholeh. Mahabarata
PN Balai Pustaka 1995

26. Dewi Gendhari garwane Sang Destarasta uga nglairake putra sing cacahé 100. Garwane tegese...
- a. anake
 - b. bojone
 - c. adhike
 - d. kakange
27. Getih iku mau kudu disimpen ing sajeroné buyung. Buyung tegese...
- a. genthong
 - b. gendhok
 - c. ember
 - d. panci

Joko Kendil

Jaka Kendil iku anake Mbok Randha Dhadhapan. Rupane Jaka Kendil ala, pawakane cendhek, kulitane ireng, tangane dawa, gegere wusu (bungkuk), lan ora duwe gulu. Praupane jan memper kendhil

Senadyan ala tanpa rupa, ing bab jejodhoan Jaka Kendil nduweni gegayuhan kang dhuwur. Dheweke kepingin kapundhut mantu dening ratu. Gegayuhan kaya panjaluke Jaka Kendil umume langka kelakon kaya paribasane : si cebol nggayuh lintang. Nanging yen Gusti ang Murbeng Dumadi ngersakake, ora ana kedadean kang bakal ora bisa klakon.

28. Jaka Kendil iku manggon ing...
- a. Kraton
 - b. Ndeso

- c. Kutha
 - d. Tamansari
29. Gegayuhane Jaka Kendil kepingin dadi mantune ratu, yen ditilik watake Jaka Kendil yaiku...
- a. Dhuwur gegayuhane, mantep, kudu kasembadan
 - b. Yen kasembadan yo syukur yen ora yo ra popo
 - c. Stengah mantep amargo durung mesti kasembadan
 - d. Mantep lan kudu kasembadan mesti nggawe cara apa bae
30. Jaka Kendil iku anake ...
- a. Dewi Sembadra
 - b. Mbok Randa Dhadhapan
 - c. Mbok Randha Jati
 - d. Prabhu Amiluhur
31. Paraga sing tumindak becik/bener biasane disenengi penonton diarani paraga....
- a. Pentagonis
 - b. Antagonis
 - c. Protagonist
 - d. Tritagonist
32. Paraga sing tansah kelawanan karo paraga utama, biasane digething penonton diarani paraga....
- a. Pentagonis
 - b. Antagonis
 - c. Protagonis
 - d. Tritagonis
33. Ukara kang prentah marang wong liya supaya nindakake pakaryan manut apa kang di prentahake diarani ukara
- a. Pitakon
 - b. Prentah
 - c. Sambawa
 - d. Carita
34. Ukara kang isine ngemu teges pangarep-ngarep, senajan utawa upama, diarani ukara....
- a. Sambawa
 - b. Prentah
 - c. Pitakon
 - d. Carita
35. Tulung aku jupakna banyu segelas wae, merga aku ngelak banget! Adhedhasar isine ukara ing dhuwur diarani ukara....
- a. Prentah
 - b. Pitakon
 - c. Andharan
 - d. Sambawa

II. Gatekna tabel ing ngisor iki! Wenehana tandha ✓ ing kolom jinis tembung miturut tuladha tembung pawarta, pitakon, prentah, sambawa, lan sananta.

No	Tuladha ukara	Pawarta	Pitakon	Prentah	sambawa	Sananta
36	Wingi sore adhik dipundhutake sepatu dening bapak					
37	Tulung jupukna sepatune adhikmu kuwi!					
38	Senajan nggawa dhuwit yen mung sethithik yo ora cukup					
39	Aku esuk kepingin mampir ing daleme simbah					
40	Bapak sesuk arep mundhut sepedhah mini kanggo adhik					